



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER SEKOLAH DASAR  
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

**KURIKULUM 2013**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : 5 ( Lima )

Hari/tanggal : Jum'at, 3 Desember 2021  
W a k t u : 07.30 – 09.30 ( 120 Menit )

**PETUNJUK UMUM :**

1. Tulislah nama dan nomor pada sudut kanan atas pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kau anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan sebelum kau serahkan pada Bapak/Ibu Guru!

**I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d kang paling bener ing lembar jawaban kang wis cumawis!**

**Wacanen kanthi premati perangan teks pidato ngisor iki kanggo mangsull soal nomer 1 tumeka 5!**

- (1) Assalamu'alaikum warrahmatullahi wabarakatuh
- (2) Ingkang kula urmati Bapak Kepala Desa, Bapak Ketua RW Ugi ingkang kula urmati saha kula tresnani warga RT 01
- (3) Kawilujengan, katentreman, saha kabagaswarasan mugè tansah sinandhing dhateng kula dalah panjenengan sadaya. Saderengipun matur sumangga kula dherekaken manengku puji dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung mugè tansah pinaringan kawilujengan lir saking sambikala.
- (4) Para warga RT 01 ingkang kula tresnani, kepareng matur, bilih wonten ing pepanggihan punika kula badhe ngaturaken bab ingkang magepokan kaliyan Protokol Kesehatan.

1. Pratélan teks pidato, nomer loro (2) nuduhake bagian ....
  - a. salam pembuka
  - b. atur pakormatan
  - c. pembuka
  - d. tujuan pidato
2. Salam pembuka ing perangan teks pidato kasebut katuduhake bagian nomer ....
  - a. 1
  - b. 2
  - c. 3
  - d. 4
3. Perangan teks pidato, kasebut nuduhake bagian ....
  - a. salam pembuka
  - b. pembuka
  - c. surasa basa
  - d. wasana basa
4. Tujuane pidato kasebut yaiku ....
  - a. manengku puji dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung
  - b. nyenyuwun tansah sinandhing katentreman, saha kabagaswarasan
  - c. ngaturake bab kang magepokan Protokol Kesehatan.
  - d. nyenyuwun tansah pinaringan kawilujengan lir saking sambikala
5. Ragam basa kang digunakake ing perangan pidato kasebut yaiku ....
  - a. krama inggil
  - b. krama lugu
  - c. ngoko lugu
  - d. ngoko alus

Wacanen kang premati crita ing ngisor iki kanggo pancadan soal nomer 6 - 10!

### Adipati Karna Madeg Senopati

Perang Baratayuda, perang gedhe antarane Pandhawa lan Kurawa manggon ing Tegal Kurusetra wis nuwuhake rajapati lan kurban kang ora sethithik. Akeh satriya kang wis padha nemahi pralaya. Senopati Kurawa, Pandhita Drona gugur ing madyaning Kurusetra kaperjaya dening Drestadyumna. Adipati Karna satriya ing Ngawangga madeg senopati Kurawa maju ing palagan. Sejatine, Adipati Karna mangerti manawa mbelani Kurawa kuwi dudu tumindak kang becik, amarga Kurawa duweni watak kang ambeg angkara murka. Nanging Adipati Karna wis kapotangan budi karo Duryudana raja Ngastina.

6. Manut punggelan wacan kasebut kang madeg Senapati Astina yaiku ....
  - a. Pandhita Drona
  - b. Adipati Karna
  - c. Duryudana
  - d. Drestadyumna
7. Kepriye kahanane perang Baratayuda ing Tegal Kurusetra?
  - a. Perang Baratayuda nuwuhake rajapati lan kurban kang ora sethithik.
  - b. Perang Baratayuda kudu dumadi senjata nuwuhake rajapati lan kurban ora sethithik.
  - c. Perang gedhe antarane Pandhawa lan Kurawa manggon ing Tegal Kurusetra.
  - d. Ana ing perang Baratayuda Adipati Karna madeg senopati Kurawa maju ing palagan.
8. Adipati Karna satriya ing ....
  - a. Ngastina
  - b. Ngawangga
  - c. Ngamarta
  - d. Ngalengka
9. Kenapa Adipati Karna mbelani Kurawa?
  - a. Amarga Adipati Karna laire ana ing Ngastina
  - b. Amarga Adipati Karna iku kadang kinasih Kurawa
  - c. Amarga Kurawa duweni watak kang ambeg angkara murka.
  - d. Amarga Adipati Karna wis kapotangan budi karo Duryudana raja Ngastina,
10. Akeh satriya kang wis padha nemahi pralaya. Tembung pralaya tegese ....
  - a. menang
  - b. kalah
  - c. mati
  - d. mundur

Wacanen kang premati crita ing ngisor iki kanggo pancadan soal nomer 11 - 15!

### Gunung Kelud Mbledhos

Gunung Kelud utawa Gunung Kampud mbledhos dina Kemis malem Jumat tanggal 13 Februari 2014. Bumi horeg bareng karo swara mak gleger. Keluk ireng nggembuleng peteng. Maewu-ewu krakil, watu, lan awu diwuntahake saka wetenge nganti sumebar teka ngendi-endi. Ora mung tlatah Jawa Timur, nanging awune kagawa angin nganti tekan Jawa Tengah lan Jawa Barat, penere Bandung, Pangandaran, lan Bogor.

Gunung Kelud nalika mbledhos ora nuwuhake kurban jiwa, amarga pancen mbledhose beda karo Gunung Merapi kang mesthi dikantheni karo metune wedhus gembel utawa mega panas.

11. Kedadeane Gunung Kelud mbledhos ing dina ....
  - a. Kemis tanggal 13 Februari 2014
  - b. Kemis tanggal 14 Februari 2014
  - c. Jumat tanggal 13 Februari 2014
  - d. Kemis malem Jumat tanggal 13 Februari 2014
12. Kepriye kahanane nalika Gunung Kelud utawa Gunung Kampud mbledhos?
  - a. Bumi horeg bareng karo swara mak gleger tanpa ana keluk nggembuleng peteng kanthi hawa panas.
  - b. Swara mak gleger, keluk ireng nggembuleng awune panas kagawa angin nganti tekan Jawa Tengah lan Jawa Barat.
  - c. Keluk ireng nggembuleng peteng kaya-kaya bumi horeg kanthi dibarengi gembulenging mega panas.
  - d. Bumi horeg, keluk ireng nggembuleng peteng, maewu-ewu krakil, watu, lan awu diwuntahake saka wetenge nganti sumebar teka ngendi-endi.



